teng Europa (Nederlandsch) poenika rak inggih srana banda (jatra) ta.

Tijang poeroen nglempakaken donja poenika, béda lan tijang ngidep dateng donja (brana), njèlèngi (nglempakaken jatra) gemi poenika, béda lan mata doewiten.

Jèn anggèné keklempak poenika namoeng kanggé nedya noeroeti hawa-napsoenipoen oetawi étjasakétjanipoen pijambak (eigen belang), boten poeroen noeloengi (toetoeloeng) dateng lijan ingkang pantjèn wadjib kedah tinoeloeng, oetawi poeroen toeloeng nanging mentoeng, ngarah opah, kados déné djoeroe tambang oetawi ombal, la poenika nama awon.

Ing mangka boetoeh saja dinten saja mindak, djagad saja roepak tjijoet. Tjijoetipoen boten kok djalaran saking soeda wijaripoen, nanging saja lami, mindak dinten, woelan taoen, saja wewah-wewah indaking tjatjahing djiwa. Tjobi, katandinga taoen wingi-wingi lan taoen sapoenika. Poelo Djw. mindak pinten %? Nadyan kotjap ing padalangan gemah ripah loh djinawi mili poehan lan madoe, ana gedang apoepoes tjindé, nanging jèn djiwa sampoen nroetjoek mbijet kados-poendi? noen! béndjingipoen jèn tansah nglemprèh kémawon? Kados-poendi sagedipoen ndandosi economie, jèn huisbestuur-ipoen (panjepenging boetoeh balé grijanipoen pijambak) boten dipoendandosi roemijin?

Mila para koewagang wiwit sapoenika sageda sami nggregoed keklempak, gemi nastiti, ngati-ati. Sanadyan ketingalipoen namoeng glijak-gijak, nanging ingkang ngantos ketjandak, kanti tindak (lampah) oetami. Tjoentel.

Prakawis ingkang inggil-inggil ingkang soendoel langit biroe borong para barong-barong, gémbong-gémbong, bantèng-bantèng lan djempol-djempolan sadaja. Awit poen trondol namoeng saged nggedobrol, poen kentoes plentas-plentoes, poen kantjil ndregil pados pokil, soegih oembag, boten tatag. Titi.

Kadang PISANG MASAK IDJO.

## NAGARI CURACAO MENTAS PRIHATOS.

*(Pokilipoen kaoem brontakan.—Nagari Walandi mlorot dradjadipoen).*

Nagari Curacao djadjahan Walandi ing West-Indië, mentas gègèr margi *kampiran* kaoem brontakan soemedya mendet obat, mimis sendjata lss.

Manoet kabar ingkang kaoemoemaken déning Paréntah Nederland, ddo. 10 Juni prakawis waoe makaten:

Dinten Setoe daloe (tanggal 8 Djoeni) wonten kaoem brontakan ingkang soemedya nglawan Paréntah Venezuele, tjatjahipoen 500, ngrabasa padjagèn militair politie ing Willemstad. Sanadjan sampoen dipoenlawan sasaged-sagedipoen, éwadéné barisan politie meksa kawon. Ing salebeting aben kadibyan poenika, ingkang pedjah sergeant majoor, brigadier; ingkang tatoe sanget sergeant satoenggal; sanèsipoen inggih wonten ingkang tatoe, nanging boten sapintena.

Kaoem badjag poenika waoe saged angedjègi bètèng sarta gedong papan panjimpenan obat lss., sarta ladjeng ameksa pangagenging kapal *Maracaibo* kapoerih ngateraken (kaoem brontakan waoe) dateng Venezuele. Kaoem brontakan waoe, saged amikoet Goepernoer, Koemendan politie, sarta militair Curacao pinten-pinten sami kabandang kabekta dateng kapal. Nanging sadaja waoe sampoen wangsoel malih dateng Willemstad. (margi kawangsoelaken déning ingkang nawan).

Minister Koloniën sadaloe natas lalawanan sarana radio kalijan pangageng-pangageng ing Curacao ingkang boten pikantoek roebéda sarta let sawatawis djam malih saged njepeng toentoenan.

Ing daloe poenika oegi, Goepernoer anerangaken kawontenan sadaja sampoen tentrem. Pakarjan lisah patra teroes anggènipoen njamhoet-damel boten pikantoek pakèwed.

Béndjing éndjing (dados 11 Juni) kapal perang *Kortenair* badé bidal dateng Willemstad, ambekta barang ingkang perloe-perloe, sarta kapal perang *Hertog Hendrik* oegi sampoen samekta badé anoesoel dateng Willemstad.

Makaten oengeling communique officieel saking Paréntah tanggal 10 Djoeni kawrat wonten tilgram Aneta inggih tanggal 10 Djoeni.

Anéta tanggal 11 Djoeni njarijosaken bilih sasampoenipoen ngrabasa Willemstad waoe, kaoem brontakan 5000 ladjeng amoekoel perang kita Coro ing pasisir Venezuela.

Dangoe-dangoe ingkang brontak kasoran, katah sanget wadyabalanipoen ingkang pedjah, nandang tatoe sarta katawan ing mengsah. Ingkang dados gegedoeging kraman toewan generaal Urbina.

Katjarijos, manoet andaranipoen para toekang mlantjong ingkang andatengi Caracas, anggènipoen Djéndral Urbina sakantjanipoen ngantos ambadjag dateng Curacao poenika margi kekirangan obat sarta kasipoen kaoem brontakan kotong blong.

Kabar-kabar ingkang dipoensebaraken déning Paréntah Venezuele dipoentliti saèstoe, margi kerep wonten ingkang dora, boten saleresipoen.

Manoet tjarijosipoen Paréntah Venezuele, kaoem ingkang brontak waoe sampoen kaloedesaken. Nanging manoet tjarijosipoen tijang ingkang mentas lalana saking ngrikoe, partijnipoen djéndral Urbina saja katah, saja anderbala. Distrik Coro ingkang sapérangan ageng sampoen doemawah ing tanganipoen partij Urbine.

Dados ingkang mentas kalampahan wonten ing Curacao kénging koela tjekak makaten:

a. Ing nagari Venezuele wonten golongan nedya ngrebahaken Paréntah Venezuele.

b. Ingkang mangagengi brontakan waoe Djéndral Urbina.

c. Tjaket kalijan Venezuele wonten djadjahan nagari Walandi. Ing ngrikoe wonten wakilipoen pradja Nagari Walandi, (Goepernoer) mawi sadijan bètèng sakapoerantosing perang.

d. Ingkang badé brontak waoe ngrebat pirantos-pirantos perang ing gadahanipoen nagari Walandi inggih wonten Curacao waoe. Dados kados-déné ndjaloek (njilih) kanti peksa, poenapa makaten!

—o—

Poelo Curacao poenika djadjahan Walandi ing Indija Kilèn. Ingkang manggih poelo waoe toewan Hojeda kala taoen 1499. Ing taoen 1527 dados darbèkipoen bangsa Sepanjol, ladjeng taoen 1634 doemawah ing tanganipoen bangsa Walandi.

—o—

Ingkang mentas kalampahan ing Curacao poenika saèstoe anglorotaken daradjadipoen pradja Nederland wonten ing kalangan internationaal. Djer ing ngrikoe ladjeng kawijak ringkih oetawi tipisipoen wadyabala Nederland. Manawi saweg badjag kémawon saged ngedjègi bètèng ing kita ageng, saged mikoet Goepernoer lss., gèk kados-poendi manawi dipoenajomi mengsah ingkang saèstoe?

Djadjahanipoen pradja Nederland poenika goenggoeng kempal wonten kalih mlijoen Kilo meter pesagi, déné tanah Nederland pijambak namoeng 30.000 Kilo meter pesagi. Oetawi djembaring djadjahaning pradja Nederland mèh tikel pitoengdasanipoen Nederland.

Tanah samanten kapoerih ngreksa tanah djadjahan samanten djembaripoen, poenika kedah inggih soegih wadyabala sasaminipoen. Botena soegih inggih oeger njekapi.

Mangka ènget koela kapal perang gadahanipoen Nederland poenika ingkang radi sembada namoeng „Java” sarta „Sumatra”, sanèsipoen namoeng kapal perang alit-alitan oetawi sampoen lami.

Sanadjan sapoenika djaman anggajoeh katentreman, éwadéné margi wontening lelampahan ing Willemstad waoe, nagari Wlandi mbokmanawi kémawon inggih manah angagengaken barisaning wadyabala laoetan toewin daratan.

—o—

Toemrapipoen parté *Boedi Oetama* lelampahan ing nginggil poenika temtoe andajani dateng djangkanipoen ing titimangsa poenika. Djer parté B.O. wekdal poenika anggadahi actie anggajoeh wontening *militieplicht* toemrap kawoela Priboemi. Mangké B. O. badé saged matoer dateng Paréntah: ... *„Manawi ing ngriki dipoenwonteni militie, mangké mbokbilih ing ngriki wonten lalampahan kados ing Willemstad, Negari rak ladjeng saged angsal bijantoe* **saking kawoela Priboemi** *(? Tar.) ingkang sampoen ginladi oelah kapradjoeritan.”*

Samanten kémawon kados sampoen tjekap.

*Tartiana.*

## GINEMIPOEN KLENTRENG LAN GOTANG.

*(njinaoe Fransch).*

Gotang: Keprijé di Klentreng, kasagoehané arep diwiwiti saiki apa pjé?

Klentreng: Sanjatané doeroeng kober, kang. Prijé ta, wong adimoe ki olèhé angon botjah wajoeh rong klas, dadi ja maled correctie enz. Dalasan wektoe kanggo matja koran baé koerang.

Gt.: Djenèh kowé, Treeeng! ngebon koran baé nganti 5 à 6 warna! Koewi rak sasat mendem koran arané. Ambok kaja kakangmoe kiji lo, ora mamboe-mamboea koran. Adja manèh koran sing mérah-mérah djamboe, dalasan Swara Tama baé ja doeroeng lengganan kok!

Kl.: Lha koewi jèn kang Gotang. Ana moeng seneng njang koran-koran baé ndjoer diarani „mendem”; sasat komploté sir Hercules, sing mentas ngendem-endemaké kadang Nationalist. Nomer sidji Swara-Tama-(Katoelik Mlajoe) adja lali kang. Ana wong nèng koeta, toer Solo pisan kok doeroeng ... aboneeren! Rak anèh ta?

Gt.: Bisa oega anèh. Nanging apa ta perloené matja koran nganti roepa-roepa koewi? Rak ming tiwas ngentèk-entèké phoeloes baé ta!?

Kl.: Jèn entèk nggo ngoran baé, ora dadi apa, djer basoeki kanti béja. Tinimbang sing entèk kanggo mleboe Swi Wedari of Cinema Theater pjé? Saiki perloené matja koran warna-warna, ikoe paédahé akèh banget, ora perloe dak-tjritakaké. Ming ana sidji sing arep dak-kandakaké, jaikoe: soepaja bisa djedjeg panimbangé, ora dipengaroehi (kena invloed) ing koran sidji baé. Ibaraté wong moetoes prakara, koedoe ngroengokaké patoerané siginoegat lan sipanggoegat. Dadi ora ambaoe kapiné. Ngono Kaaang!!

Gt.: Wah, katik kaja djaksa... Wis-wis saméné baé. Saiki remboeg ing ngarep diteroesaké.

Kl.: Loewih disik ngapalaké djenenging botjah sawatara tjara Fransch.

| | | | |
|---|---|---|---|
| Paul | (pòl)*) | jèn Landa: | Paulus. |
| Henri | ((h)â-ri) | „ | Hendrik, Hein. |
| Jean | (jâ) | „ | Jan, Johan(nes). |
| Pierre | (pyè-r) | „ | Piet, Petrus. |
| Louis | (lûi) | „ | Lodewijk. |
| Charles | (Charl(e)) | „ | Karel. |
| Albert | (albè-r) | „ | Albert. |
| Antoine | (â'tûan) | „ | Anton. |
| Jacques | (ja-k) | „ | Jakob. |

Wis, seméné waé disik! ndak miterang marang redaktoeran, djalaran kagoengané wara-wara ora tjotjog karo anané sing arep dakkoersoesaké.

Aksamanta
PINGGIR MRAWOE.

*) Iki pamatjané, ja Tang! (Kl).

## É, É,! É, É! Hm.

Koela noewoen; inggih,! ing SOEARA KATH. no. 17 (7-6-'29) ngemot poetoesaning Hb. P. P. K. D. toemoedjoe dateng Tjab.-ipoen ing Banjoemas.

Nanging koela sampoen dipoengalih toemoet-toemoet. Koela oegi warganing P. P. K. D. ning saweg wingi sonten, toer jèn kagem.

Pantjèn noen inggih angèl temenan kok, tijang kapoerih ngakeni lepatipoen poenika. Lha tijang genah pandoeng sampoen kaboetamalan, saksi tjeta, inggih asring klampah moengkir.

Tjekak limrahipoen, lepat poenika, kadjengipoen nedya kinikip, kineker. Ananging GOESTI MAHA-AGOENG asipat adil, dados noen inggih saged kadjodèran oetawi kawangoeran alias kawijak. Jèn ageng ginadang ing samodra hagni.

Tjobi inggih! poenika lo! tjoeplikan saking serat piwoelang warni² katja 64 (oeroeting serat ngadjengipoen, 105). Sinten apal, saged mbatang pijambak ingkang ngimpoen-ngarang. Soekoer jèn sampoen kagoengan; manawi dèrèng, moendoet kémawon dateng: Drukkerij Albert Russche ing SOLO. Reginipoen mirah kémawon.

Leres tinimbang koela sepoeh serat poenika, tijang ingkang kagoengan (ingkang ngarang) sampoen soeroed. Makaten saoedara! ..........

„Widjiling kang pangripta moerwani, mjating rèh salah ton, kang milaloe milara ragané, lali wirang kaserenging kapti, nir jitnanta dadi, nista temahipoen.

Labet saking moeda damèng boedi, digoeng loemoeh kasor, nggégé mangsa, medar kasoerané, pamrihira moeng ngoelab-oelabi, mring sanggja kang ngaksi, dèn alema poendjoel.

Tan wroeh lamoen akèh kang ngèsemi, pinrajitnan batos, kang woes asih soeda ing resepé, kang doeroeng wroeh woes ngroengoe pawarti, ingkang sengit dadi soekoer rirèng kalboe.

Temah kéngis wateké kang wadi, alané katongton, sasolahé linoemoehan baé, nora nana kang barès sawidji, wong djail lan djoeti, ikoe paminipoen.

Nadyan mari goeng sinangga roenggi, tan nana pitados; woes mangkono manoengsa adaté, para baja dènira mbalèni, sapisan doemadi, nir pijandelipoen.

Jèn pastija toemitah ping kalih, sakabèhing wong, nora nana kadoewoeng solahé, lan tan nana kang wedi mati, gampang dènnja mboedi, tan nana pamoepoes.

Balik nora tinitahken malih,........
....... Mloempat sakedik njandak katja: 66 saking ngandap.

Pangroewaté dosa sawatawis, rèhné woes kalakon, tan ljan amoeng minta aksamané, mring kang samja sinakening galih, praptaa pribadi maring wismanipoen.

Mloempat malih katja: 67 saking ngandap.

Moela abot wong ameksa kapti, mring rèh karahajon, wis mangkono loemrah prabawané, sédjé lamoen pinrih lakoe djoeti, dangan soekèng kapti, ikoe timbangipoen.

Lan woes djamak manoengsa doenjèki, sapa rena kasor, nadyan nana asor sajektiné, saking pangkat gedé lawan tjilik, soegih lawan miskin, andap miwah loehoer.

Kajektèné pangkat ageng alit, kang loehoer kang asor, jèn ginoelang sarta dèn tjondongi adoh kang sak

# NGÈLMOE LOETJOE.

## (Socialisme).

Moerih radi gampil dipoenmangertosi, ngèlmoe Socialisme koela woedjoedaken tijang ingkang saweg witjanten, ngomongaken badanipoen pijambak, makaten:

1e. Jèn wong woes pada noetjoep Socialisme, lan oerip trep tjara Socialis, ikoe wong-wong padané piranti oetawa pabrik, kang ngetokaké pametoe lan kang ndoewèni pametoe maoe wong kabèh, wong sapradja. Kowé njamboet-gawé, akoe ija njamboet-gawé ana ing papan panjamboet-gawé doewèké wong kabèh; pangedoeming pakarjan adil, pada; sing saiki insinjoer, sésoek dadi toekang batoe, sing wingi toekang batoe saiki dadi insinjoer; sing wingi dadi dirèktoer, saiki dadi toekang ngresiki masin, lan sing wingi toekang ngresiki masin, saiki gentèn dadi dirèktoer, sing wingi toekang kebon saiki dadi professor, lan professoré wingi, saiki ngresiki kakoes. Mengkono sabandjoeré, kabèh pada, kabèh rata, kabèh pada ngrasakaké.- Omah lan panganggo samodèlé pisan ija pada (Saé, inggih!)

2e. Reganing barang tjara Socialisme pangétoengé ora ngango doewit, nanging nganggo wektoe, sing dienggo gawé barang maoe. Kaoem kolot ngarani barang-barang ikoe doewé adji warna loro, jaikoe: a) adjiné sepatoené déwé marga anggoné kena dienggo, lan pengadji b) lija, kang pada karo pengadjiné barang lijané, lan marakaké sepatoe kena diidjolaké barang lija maoe. Pengadji a (gebruikswaarde) mbésoek jèn wong kabèh woes pada dadi Socialis, woes ora dadi remboeg, awit adji ikoe ora ngowahaké apa-apa marang reganing sepatoe (prijs). Pengadji b) ikoe sing bisa ngowahaké reganing barang; lan rega ikoe tjalon pangétoengé nganggo soewéning wektoe, kang dienggo gawé barang maoe. Moelané mbésoek wong jèn étoeng-étoeng rada béda karo wong saiki, wong kolot, oepamané: pietkoe iki olèhkoe toekoe sasasi, ora "f 150"; dasikoe iki rega 3 djam, ora „teloeng talèn.” Oepama manèh: akoe mentas njamboet-gawé 10 djam sedina; ikoe akoe mbandjoer olèh opah, ora woedjoed doewit, nanging woedjoed kitir tanda jèn akoe wis njamboet-gawé 10 djam. Saiki akoe arep tetoekoe menjang pasar; nggonkoe blandja mangkéné: toekoe rokok nipah 5 menit, toekoe rèk 10 menit, toekoe djarit sawit sepasar; tekan ngomah toerahané takdoemaké anakkoe: sidji olèh sapenginang, sidjiné olèh sapengedang, sidjiné menèh olèh satléraman lsp. nganti wektoené entèk.

Dadi mbésoek ing djaman Socialis, doewit barang koewi wis ora ana; lan wong ja wis ora boetoeh doewit!

Bab laki-rabi dadi gampang banget, lan .... njenengaké; sebab: ningkah-ningkahan barang koewi mbésoek bakal kasowak ... (Wé lha njenengaken saèstoe! sasat kéwan-ané!!) lo, kowé kok nggoejoe! tenan, mbésoek nèk djagad Socialis wis dadi (radi dipoensengkoetaké ta sadèrèk! mangké selak kijamat boten rampoeng poenika!) ora ana wong toekaran lan pepadon bab laki rabi! Kabèh pada, kabèh merdika ...... hiep-hiep hidoeplah Socialisme!!

3e. Bab pameranging banda, soepaja kabèh adil pada éntoeké, sakiné lagi pada ndak goenem! Ning ja keprijé-keprijéa kaé, oeripé wong Socialis bakal tetep swarga ndonja.

Ana sing ngedjokaké remboeg, soepaja pamérangé banda dimoerwata karo pagawéjané. Sing soewé enggoné njamboet-gawé, éntoek akèh, sing moeng sedéla, éntoek sitik (mila sami saèstoe!!). Dadiné ja béda-béda bandané, nanging mbésoek jèn djaman Socialis wis teka, kabèh betjik karepé déwé!

Marga pakéwoeh ikoe, ana lijané sing oesoel, soepaja pangedoemé banda manoeta boetoehé wong déwé-déwé; marga ikoe wong bisa tentrem lan rahajoe tenan, awit kabèh éntoek saboetoehé. Akoe boetoeh djarit, dinèhi djarit; kowé boetoeh gramapoen, olèh gramapoen; kowé boetoeh piet, ja olèh piet; akoe boetoeh montor, éntoek montor; lan kowé ora bakal ngemèrèkaké akoe, sabab kabèh-kabèh olèh sapandjaloeké, jèn boetoeh!!!

Ta, apa ora betjik ngèlmoe Socialis?? Sapa ora tèken .... ???

(Tijang waras nalaripoen!)
PRAMILA.

## PANOENTOENING LARÉ.

*Sambetipoen Sw. Tm. no. 19.*

kirang adil toemindakipoen, saged ngawontenaken raos boten sakétja. Para sadèrèk priksa sabab-sabab ingkang moeroegaken tijang sepoeh sok boten poeroen ngakeni kalepataning laré, inggih poenika margi saking kirang anggagas, oetawi awit saking tresna dateng laré ingkang lepat waoe.

Pantjènipoen ngakeni lepating laré poenika boten awon, manawi èstoe awon, ing mangka dipoendoemoek ing sanès ingkang kedah nglenggana. Nanging wadjibipoen kedah ladjeng naliti, kados-poendi wontenipoen kalepatan waoe. Ing atasing goeroe kedah métani badanipoen pijambak. Ing poendi doenoenging djalaran, saged oegi kalampahan saking pikadjenganing laré pijambak. Lepat anggènipoen nganggé pikadjenganipoen mardika waoe.

Ing sarèhning laré gadah pikadjengan mardika, kang mangka tjatjading laré ingkang gagandéngan kalijan dasar poenika katah, asring andjalari lepating panganggénipoen kamardikan waoe, pramila prajogi sampoen sanget-sanget dipoenpitados. Tegesipoen dipoenoembar, dipoenetjoelaken boten dipoenawatawati saèstoe. Manahipoen laré katah tjatjadipoen. Widji-widji ingkang andadosaken piawon boten sakedik: mila boten kénging gadah panginten laré tamtoe badé ndalan. Boten betah toentoenan. Laré pikadjenganipoen kénging kawastanan ringkih, manahipoen kirang santosa. Ing mangka ingkang anggèndèng dateng piawon, kadjawi raos ingkang medal saking manahipoen pijambak, saking ing kiwa tengen katah sanget. Oepami laré tanpa linawanan, dipoenendelaken pijambak ngoepados margi ingkang leres, tartamtoe badé gampil geblasoekipoen.

Tijang ingkang pitados manawi dasaring laré poenika tanpa tjatjad, tamtoe saged adamel risaking tatanipoen anggoela-wentah. Wontenipoen djoeroe panggoela-wentah gadah wewenang warni-warni toemraping moelang moeroek laré, poenika kabekta saking kabetahanipoen laré. Lan laré boten mangretos barang-barang, pramila kedah kawoetjal; laré poenika ringkih pramila kedah kadjagi; laré manahipoen andojong dateng ingkang boten saé, pramila kedah katoentoen. Laré boten adjeg mangretos dateng margi ingkang leres, pramila kedah kaserep-serepaken.

Oepami dasaring laré njata sampoerna saé, tamtoe boten betah pitoetoer lampah-lampahing tijang badé pados kaoetamèn, awit badé saged pijambak. Déné betahipoen namoeng kapinteran awoedjoed kawroeh. Ing mangka temenipoen, ingkang sampoen sami koela sipati, kalih-kalihipoen laré boten saged nilar. Nitik kawontenaning tatananing nagari, saweg dipoensoekani poelisi samanten katahipoen kémawon, pakoendjaran meksa asring kebak. Paréntah anggènipoen andidik tijang-tijang nganggé kekerasan samanten, terkadang asring betah andjaboet njawa. Samangké kados-poendi badé kadadosanipoen laré ingkang dipoensakadjeng dipoenoembar, tanpa panjaroewénipoen djoeroe panggoela-wentah, anggènipoen saged tansah ngambah margi ingkang leres. Ing mangka sasandoenganing tijang gesang poenika boten sakedik; sarta margi simpangan ingkang boten andjog ing sedjaning panggoela-wentah prasasat tanpa witjalan.

### Bab XI.

*Laré kadamel adjrih, sarta sampoen soesah, ananging kedah sinaoe prihatos.*

Klèntoening pamanggih, saged ngawontenaken sabab warni-warni ingkang mitoenèni oetawi ngrégoni lampahing panggoela-wentah. Prakawis poenika sampoen koela atoeraken sawatawis wonten ing nginggil. Terkadang wonten goeroe ingkang gadah pamanggih laré saé dipoendamel adjrih lan kalampahanipoen ing ngrikoe, laré boten naté dipoensoekani manah babar pisan, sanadjan njamboet-damel ngetog karosan, boten naté dipoenbombong oetawi dipoenalem. Oepami garapanipoen saé, inggih meksa dipoentjatjad, déné ingkang makaten waoe sedyanipoen moerih laré boten oemoek, tansah adjrih. Ingkang poenika laré manahipoen asring kirang

serik, tjedak soekanipoen . . . . . . saladjengipoen.

Semanten kémawon kados sampoen tjekap kanggé antjer-antjer saha oelar-oelar nambak sawatawis dateng goemoenan.

Tjalang roemijin! Jèn Bestuur tjb. P.P.K.D. Banjoemas klintoe tampi, (awit tijang maos poenika asring katah ingkang klintoe ing wos lan soeraos) nadyan koela dipoenwastanana sawoeng godogan inggih koela trimah kanti éklas lahir batin.

Saoepami nabrak, noendjang, badé koela pis koetjingaken kémawon. Awit nadyan mangsa katiga, pajon koela atep asring boten mempan dipoensoegoni latoe. Koela djapani sarta boel-poes saking tetebihan kémawon: „Ja mèn kangélan déwé; kedeklak-kedekloek, tjikbèn dadi awoe rokoké Westminster - Commander."

Kadang PAK É! É! - em.

## PRIHATOS.

Nalika koela maos poetoesanipoen Pangrèh Ageng P. P. K. D., ingkang kawrat Sw. Tm. dd. 24 Mei 1929, njebataken bilih gandènging P. A. kalijan tjabang P.P.K.D. Banjoemas pedot babar - pisan, manah koela mak pjoer kados kénging ampoehan, roemaos kétjalan pradjoerit tamtama sabregada, ingkang pantjènipoen saged adamel pikekahing bètèng kita.

Poenapa sakinten boten saged gatoek malih? Wah, éman - éman, manawi kaladjeng-ladjengna makaten, mindak dipoen-gegoedjeng ing sanès.

Koela atoeri ènget, bilih éblis lanat poenika pinter sanget adamel petjahing golongan ingkang sampoen doemados. Pangangkahipoen boten kénging sapoenika inggih béndjing-éndjing; boten kénging béndjing-éndjing inggih béndjing embèn; boten kénging embèn inggih embèn pandjang, mekaten seladjengipoen.

Koela ènget dawoehipoen Rama v. Driessche mekaten: „Wateking éblis, sétan, lan para djadjil ikoe pada karo wateking laler." Liripoen dipoentjablèk-tjablèk wangsoel, dipoentjablèk malih oegi késah, nanging inggih wangsoel malih, ngantos ingkang dipoenéntjoki roemaos mangkel.

Sapoenika wangsoel dateng temboeng pedot; koela pijambak inggih *toemoet sangga oewang*, déné wonten lelampahan ingkang kados mekaten; ngèngeti anak kalijan bapak. Poen bapa ngantos kawedal pangandikanipoen dateng anak mekaten: „Akoe emoh ngakoe anak kowé, jèn lelakonmoe panggah kaja mengkono."

Doemoegi ing ngriki mak grek manah koela, toekoel pitakèn koela mekaten: „Gèk sapa baé sing salah; bapakné apa anaké?"

Sarèhning koela namoeng ningali saking katebihan, boten soemerep alasanipoen tjabang Banjoemas déné poegoeh kados mekaten, dados inggih namoeng lingak - lingoek boten saged oeroen rembag.

Nanging sroewing - sroewing pamireng koela P.P.K.D. Banjoemas sampoen dipoenparingi merk (tjiri) déning pamaréntah, bilih . . .

La mbok tjapipoen poenika sampoen dipoenkatingalaken ing sanès mekaten! Sadaja tradjangipoen malah kersaa anjantoeni, tradjang ingkang awewatek: *sawidji, soetji, Katholiek lan apostoliek*. Inggih kawan prekawis poenika ingkang dados tengeripoen kaoem kita; inggih kawan prekawis poenika ingkang dados tjetjepengan kita (gegaran kita), manggèna wonten ing djagad poendi kémawon. Manawi mrodjol salah satoenggaling kawan warni poenika, tertamtoe dédé kaoem katholiek sedjati, nanging katholiek-katholiekan.

Poenapa P. P. K. D. Banjoemas *sawidji?* Liripoen awatek manoenggil, awor lan bangsané déwé?

Boten, tandanipoen ngekahi seserepanipoen pijambak ingkang pinangkanipoen saking sanès, toer ingkang andjalari tangèh sagedipoen dados satoenggal, oepamia ménda dados sakandang.

Poenapa *soetji?* (Soetjining kempalan lo, dédé djalaran saka soetjiné kaoenggahaké ing swarga).

Boten, tandanipoen ngantos angsal merk (tjatjad), bilih . . . .

Poenapa *ngatoliki?*

Boten, tandanipoen watek waoe boten manggèn ing saben tijang katholiek ingkang boedinipoen djoedjoer; liripoen katholiek ingkang boten kamoran mérah-mérahan.

Poenapa *ngapostoliek?*

Koela atoeri ambatang pijambak.

Nitik lezingipoen tjabang Banjoemas ing K. S. B. Djokja roemijin, ing ngrikoe katingal, bilih *petaking* lezing sampoen ketjampoeran abrit, ngantos petakipoen namoeng manda-manda, malah ingkang katingal anggameng abritipoen (over erfpacht).

O, sadèrèk, koela atoeri ènget Ir. Baars (Sw. Tm. dd. 17 Mei 1929), sampoen saged amboetjal abritipoen. Ing ngrikoe mratandani bilih sampoen angsal pepadang saking Pangéran, ngantos saged neloekaken badanipoen pijambak. Hardaning hawa-napsoe sirna tanpa lari, wasana saged oelah sampoernaning kamanoengsanipoen.

Semanten waoe panjoewoen koela, poen Arja Balik waoe, mertobatipoen doemoegia „lahir batin" sajektos.

Boten langkoeng prakawis poenika moegi ingkang waspada; sampoen ngantos poepoer sawisé bendjoet.

MERTAGATI.

# OERAP SARI.

## KABAR KATHOLIEK.

### Retraite tjampoeran.

Saweg sapisan poenika, ing Moentilan wonten retraite tjampoeran kanggé wadyabala laoetan sarta daratan, i.p. kala tanggal 15 doemoegi 19 Djoeni. Ingkang toemoet retraite wonten 43, (wadyabala daratan 22, laoetan 21).

Anèhipoen déné tijang samanten poenika ingkang Katholiek Djawi namoeng satoenggal. Mangka laré Katholiek Djawi ingkang mlebet dados militair laoetan sarta daratan, tjatjahipoen boten sakedik. Poenapa O. K. K. saged andandosi kawontenan poenika????

### Moeda Katholiek.

Sad. L. Jadiran, martosaken:

Nalika tanggal 9-6-1929 pakempalan Moeda Katholiek ngwontenaken parepatan, manggèn ing grijanipoen sadèrèk Soetadi kampoeng Taman-sari Djokjakarta.

Kinten - kinten djam 10 sijang parepatan kabikak déning pangarsa, mawi ngloehoeraken asma Dalem.

1. Pangarsa matoer noewoen dateng prijantoen sadaja ingkang sami merlokaken andjenengi papanggijan, lan dateng para tamoe, poenapa malih dateng sdr. Soetadi, déné sampoen andanakaken papan, minangka adjanging parepatan.

2. Sadèrèk panitra noenten maos notulen ladjeng kaabsahaken.

3. Sadèrèk Soegiri voorzittering Katholika Wandawa, sesorah kirang langkoeng kados ngandap poenika:

Atas pangrèhing K.W. koela nglairaken kabingahan koela, déné sadèrèk koela para moeda (jongelingen) sampoen ngwontenaken pakempalan, ingkang toedjoeanipoen ngadjengaken gesang rohani lan djasmani.

Nitik wontening pakempalan koela saged amastani, bilih para jongelingen ing ngriki sami katingal roekoen, sami toemandang sesarengan, ngrembag betahing pakempalan ing sagadoegipoen, langkoeng - langkoeng bab rohani, b. v. nenangi kantja ingkang gesangipoen ragi kesoepèn grédja, oetawi nggala kantjanipoen pijambak sageda kijat manawi wonten panggoda andatengi.

Kita sadaja poenika sami sadèrèk ingkang toenggil goeroe, mila inggih kedah manoenggil soepados saged saja santosa.

Pakempalan kita K. W. ingkang ngrembag kabetahan oemoem, poenika sampoen santosa, nanging saja santosa malih manawi pakempalan sanèsipoen ingkang ngrembag dédé politiek, poeroen dados satoenggal, ngrompol awor lan K. W., awit sadaja ngrembag sociale behoeften.

Pandjenengan sadaja sapoenika taksih sami legan, nanging béndjing dangoe-dangoe temtoe dados wredda, kapeksa nilar pakempalan pandjenengan Moeda Katholiek.

Ing ngriki kados - kados wonten bédanipoen M. K. lan K. W. Sarèhning sadaja waoe namoeng dados saladjer ingkang noenggil toedjoe lan ener, poenapa awonipoen manawi M.K. kagandèng kalijan K.W. kadadosaken satoenggal; nanging ènget, ing ngriki boten teges soepados M.K. kabibaraken, boten teges kas M. K. mlebet ing K. W., babar pisan boten.

M. K. inggih taksih lestantoen madeg bawa pijambak, namoeng ing atasing pakempalan M.K. ngempal wonten K.W. Ing ngriki marginipoen nèm sepoeh (wredda+moeda) sami saged nglairaken katresnanipoen.

Koela atoeri ènget, **tresna** poenika ingkang adamel **roekoen**, wondéné **roekoen** ingkang adamel **santosa**. Pramila inggih namoeng poenika ingkang kedah kita oedi.

Manawi wonten sadèrèk ingkang pitakèn: „Mengko gèk contributiené ditoetoek karo-karoné, ja M. K. ja K.W."

Sadèrèk pamedar sabda mangsoeli pijambak, bilih bab poenika kadamel gampil, boten badé damel rekaosing lid M.K. ingkang dados lid K. W.

Pramila saking panoewoen koela dateng pandjenengan sadaja, kersaa ngempal dados satoenggal. Sigeg.

Sabakdaning sesorah taksih wonten sadèrèk ingkang miterang warni-warni, nanging sadaja sami katingal marem, mireng wangsoelanipoen djoeroe pamedar sabda.

Wasana noenten kasetèm, wekasanipoen sami roekoen ngempal dados satoenggal.

4. Ngrembag jaarfeest kadawahaken ing woelan September 1929, mawi tetingalan tonil, asoeraos sageda amranani sadèrèk sadaja nenarik dateng koewadjiban kita Katholiek.

Menawi pinoedjoe gladi bab tonil, njoewoen dateng Pangarsa K. W. kersaa andjenengi perloe ngleresaken lampah-lampahing tonilspelers ingkang kirang matoek.

5. Salebetipoen jaarfeest kawontenaken muziek, ingkang dipoen pangagengi sdr. Soegiri lan sdr. Soekarna. Poenapa malih ing satengah-tengahing tonil kawontenaken soelapan (sdr. Soetidja) lan pentjak (sdr. Basoeki + sadèrèk Toikromo).

6. Pakempalan moetoes saben malem Setoe dipoen wonteni adjar sekak wonten ing panggènanipoen sdr. Soetono.

7. Parepatan anemtokaken pasinaon sport-pentjak-partij,*) manggèn ing grijanipoen sdr. Soemarjono; wondéné bab dinten dèrèng kapoetoes.

Wasana pakempalan katoetoep watawis djam 12 sijang, mawi ngloehoeraken G. Jésoes.

*) Panoentoen sampoen kesoepèn, bilih laré ingkang remen pentjak, wonten sa-enggèn-enggèn „badé mentjak."! Red.

### Mexico oewal saking babaja!!

Sakoe kaloejar djana, njerat:

Sw. T. sampoen kerep sanget martosaken pangoeja-oeja ing Mexico, lan ing sapoenika Sw. T. oegi badé ngabaraken kabingahanipoen. Kados ingkang sampoen koela atoeraken ing Sw. T. no. 15. (zie film Doenina): Ingkang djoemeneng president sapoenika toewan Giles, kanggé voorloopig doemoegi 15 Februari 1930 — nanging doemoegi sapoenika Sang President Gelis saged angsal pepadanging Pangéran. Mitoeroet tilgram Mexico Caly 3 Juni (Aneta Reuter). President Giles sampoen gadah poetoesan oetawi nijat (President Giles sloeg een besluit, . . .) jèn para Pastoors ingkang sami kaboetjal sapoenika kapareng wangsoel dateng Mexico malih, lan kénging nindakaken openbare godsdienstoefeningen malih.

Lah poenika para prijantoen, poenapa boten toemoet bingah?! Taoen poenika mila taoen saé pantes pinèngetan: Romeinsche Kwestie — Mexico — oewal saking babaja, oewal saking pangoeja-oeja. Pangoeja-oeja ing Roeslan??? Mila para sadèrèk mangga dipoensrempeng malih anggènipoen njenjoewoen, soepados sami martobata!!!

# Kabar oemoem.

## INDONESIA.

### Memelas.

Gedongan, Ngidjon. Sad. A. S. Soepir ngabaraken:

Inggih poenika: Wonten baji sakinten oemoer 7 woelan soemèlèh ing pinggir kalèn kaprenah sakidoelipoen doesoen Gedongan; sakinten wantji djam 2.30 daloe. Menggah djabang baji waoe anakipoen mandor Water Beheer ing doesoen Soemberan, déné embokipoen sami geloet kalijan ingkang djaler. Sareng koela tjelaki tijang waoe pisah anggènipoen geloet, nanging inggih taksih sami sengka-sinengka, nitik swantenipoen anggènipoen paben waoe djalaran ingkang djaler badé wangsoel dateng panggènanipoen embok enèm, ah, kok makaten kadadosanipoen bangsa kita Djawi ingkang tanpa dadasar kaoetamèn.

## KABAR SOERAKARTA.

*Saking sadèrèk Dw. Red. tampi kabar kados ngandap poenika.*

### Radi memelas.

Parepatan P. P. K. D. kala 25-5-1929 wonten kawontenan radi memelas, wonten kandidat sawatawis ingkang kaadjengaken déning parepatan, ananging wonten kalih ingkang boten pikantoek stem babar pisan. Mila sawenèhing kandidat ingkang boten angsal pilihan ladjeng ngèngetaken dateng parepatan, béndjing malih manawi njawoengaken tijang, kaparenga sami ngèngeti. Amargi kandidat ingkang boten kapilih (soewoeng stem) saged oegi roemaos dipoenétjé.

Gandèng kalijan panjaroewé ing nginggil poenika, sareng pilihan pangrèh sanèsipoen djalaran poen panjaroewé dipoenkandidataken, Secretaris parepatan ladjeng medar sabda ingkang soeraosipoen pijambakipoen pratéla manawi stem biljetipoen kaserat milih sadaja kandidat ingkang kaadjengaken ing parepatan. Bab poenika ndadosaken tjingak sarta goemoenipoen parepatan, ingkang koela pijambak oegi toemoet goemoen; pangoedaraosing manah: Tradjang mlangkah oekoeran poenika poenapa saking kirang mangertosipoen, poenapa saking pinteripoen, poenapa saking boten soemerep ing tjara, poenapa ta djalaran telenging sanoebari saweg kepedoetan, njoemanggakaken.

Tijang njalonaken salah satoenggiling pangrèh poenika pantjèn kedah dados panggalihanipoen para warganing pakempalan; amargi ing sarèhning warga satoenggal namoeng gadah wewenang stem boten kénging langkoeng, dados boten prajogi sanget warga satoenggal ngatjoengaken sawoeng kalih oetawi langkoeng, amargi soewoengipoen stem, ingkang ngadjengaken poenika saged oegi tampi panggrajangan kirang saé; poenika kadjawi kados déné kaparengipoen sadèrèk Secretaris; persoon satoenggil ngarsakaken milih kandidat nenem.

### Koemisi Paprèntahan.

Ing taoen ingkang kapengker B.O. pang Soerakarta ngawontenaken parepatan oemoem, perloe ngrembag kados-poendi sajoginipoen toemindaking mangrèh pradja Soerakarta kalijan Ngajodjakarta sagedipoen salaras kalijan djaman sarta theorienipoen. Ingkang dados djoeroe sabda sadèrèk Mr. Singgih. Poetoesaning pangrembag, B. O. kedah toemandang ing damel anjinaoe kawontenan kaseboet nginggil, sarana ngawontenaken bebadan koemisi ingkang warganipoen doemados saking sadaja wawakilipoen para pakempalan salebeting kita Soerakarta. P. P. K. D. oegi ngwontenaken wakil, ingkang kapatah sadèrèk Soemadisastra.

### Limrah.

Saking pamanggih koela, kados mèh sadaja bangsa ingkang rahipoen tjampoeran, raosing kabangsanipoen ladjeng boten saged moerni poenika; titikan ingkang tjeta kémawon, sadaja bangsa ingkang gadah embok oetawi gadah aloeran familie saking èstri Indonesia, mesti sami kadoenoengan raos ingkang mahanani kamatoekanipoen kalijan pijandel sarta adat tjaranipoen priboemi loeloehoeripoen. Oepami bab wiloedjengan, kasoesilan (solah bawa), pedoekoenan, taboehan oetawi kagoenan priboemi sanèsipoen, bangsaning danjang-danjangan, panoenggilanipoen taksih katah; poenika boten nggoemoenaken. Walandi ingkang karem sekoel gorèng sambel kloewak lalap djéngkol, poenika terang manawi sampoen senindjong.

Kados ingkang kawrat ing Swara Tama bab ketoprak ing Klatèn, ingkang sami dipoenadani déning bangsa Tiong Hoa ngrika, oemrikan sagedagan poenika ing kita Solo sasoemerep koela boten kirang sekawan oetawi gangsal enggèn. Malah sampoen dangoe wonten pakempalan ringgit tijang speler - ipoen sadèrèk Tiong Hoa sadaja. Kala Radèn Toemenggoeng Sarwaka Mangoenkoesoema djoemeneng Papatih ing Mangkoenagaran énggalan, ringgit tijang poenika dipoenpisoengsoengaken wonten Toemenggoengan sadaloe, ndadosaken tjingakipoen para ningali ingkang mangertos langkoeng-langkoeng para tamoe. Sadèrèk Tiong Hoa ing Soerakarta manawi lelangen tajoeb, aloesing kasoesilanipoen ngoengkoeli sadèrèk Djawi; kadjawi prijantoen Kasoennaan.

### Parepatan oemoem P. P. P. K. I. afd. Ngajodja nalika 8/9 Juni 1929.

*C. Ordééka* njerat makaten:

Parepatan kaseboet; manggèn ing Gedong B.P.I. katoentoen Hr. Ali Sastraamidjaja, mirengaken sesorahipoen sdr. Zainal: saking Studieclub Soerabaja, ingkang sampoen andjadjah tanah sabrang ing salebetipoen 2 taoen, — bab: Inter Indonesische Emigratie: Soäl. Pemindahan se-Indonesia.

Pamindahan makaten: kanggé nanggoelang sampoen ngantos kekatahen djiwa, kekirangan teda, lan andjagi katentreman.

Nitik poenika Indonesia boten betah mindak bangsanipoen dateng sadjawining tanahipoen, djer papan ingkang kotong lan ingkang taksih kénging kawedalaken kasilipoen taksih katah.

Makaten oegi tanah Djawi, pan-

# — ONTJÈN SEKAR GAMBIR MELA I —

*Kawoela Priboemi kasamèkaken Walandi.*

**(Sesorahipoen Ingkang Witjaksana).**

„Moemoelih piandeling kawoela" mekaten tetantjebing tjiptanipoen Ingkang Witjaksana!

Prakawis poenika, dipoentoehoni!

Katjarijos, kala tanggal 15 Djoeni angleresi dinten tapoekipoen parepatan Raad Kawoela ingkang sapisanan ing taoen poenika. Sadèrèngipoen tapoek, Ingkang Witjaksana Goepernoer Djéndral Jhr. Mr. A.C.D. de Graeff, medar sesorah.

Sinten ingkang angraosaken wosing sesorah waoe, sasat mandjing wonten salebeting pagedonganing poelitikipoen Ingkang Witjaksana; satemah saged njoemerepi bilih Ingkang Witjaksana katah anggènipoen mikantoekaken kantja Priboemi. Mila inggih boten maiben déné katah pers petak ingkang mantjerengi pandjenenganipoen.

Pangandikanipoen Ingkang Witjaksana anggepok prakawis warni-warni, kadosta: „Indonesia wonten ing kalangan internationaal; radja pedjah ing tanah kaboedidajan; ngoepados koeli-koeli; goegoergoenoeng; lss."

Pangandika warni - warni waoe, ingkang koela rontjé wonten „Ontjèn" ngriki namoeng saprekawis, i. p. babagan „kawoela Priboemi kasamèkaken kalijan Walandi."

Dawoeh pangandikanipoen mekaten:

. . . . ( . . . . ) . . . . „Samangké tetéla bilih Paréntah Tiong Kok soemedya ngawontenaken familierecht kanggé saindenging Tiong Kok, kados pradja-pradja ing tanah Kilèn. Bokmanawi kémawon prakawis poenika toemindak béndjing 1 Djanoewari taoen ngadjeng.

Manawi kalampahan makaten, wewenang sarta pangadilanipoen sadaja bangsa Tionghoa ing nagari ngriki inggih ladjeng dipoensamèkaken kalijan bangsa Welandi.

Sampoen saleresipoen manawi kawoela Priboemi anggadahana pangadjeng-adjeng sageda kasamèkaken kalijan bangsa Walandi makaten waoe. Prakawis poenika, Paréntah inggih angakeni; sarta toemrapipoen koela, saklangkoeng bingah manawi saged ladjeng kaleksanan. Éwadéné inggih kedah dipoenèngeti gelijkstelling kalijan bangsa Éropah, langkoeng - langkoeng babagan pangadilan makaten boten tjekap wekdal sakedap.

Éwah-éwahan waoe sasaged-saged badé kagarap kanti énggal, sarta boten badé kèndel manawi dèrèng saged anjrambahi kawoela sadaja. Tegesipoen: kanti alon - alon badé dipoenwonteni persamaan babagan koekoem. Dados kados déné algemeen openbaar ministerie, djeksa satoenggal kanggé sawarnining kawoela, samining wewenang sarta koekoem kanggé sadaja kawoela sa-Indonesia . . . . . .

Pangandika ing nginggil poenika ateges soemedya andjoendjoeng daradjading bangsa Indonesia.

Pangandika ing nginggil poenika kénging sinoeraos: Ingkang Witjaksana apredjandji badé njamèkaken tijang bangsa Indanesia kalijan bangsa Walandi!

Kita kawoela Priboemi wadjib angaosi loehoering karsanipoen Ingkang Witjaksana waoe!

Kita kawoela Priboemi wadjib angatoeraken genging panoewoen!

Nanging, kita para kawoela inggih sampoen kesoepèn bilih ing nginggil poenika saweg djandji, oetawi kasagahan.

Kita wadjib ichtijar, sagedipoen pantes saèstoe djadjar kalijan bangsa waoe.

Kita wadjib mresoedi sampoen ngantos djadjar koela kalijan lijan bangsa waoe, badé ngoetjiwani!

Djer sanadjana wewenang sarta pangadilanipoen dipoenanggé sami kalijan bangsa Éropa, nanging jèn nalaripoen apes boten saged mapaki, inggih sasat tanpa teges!

PANDAN WANGI 20 DJOENI.

Taklim: *Patjar mérah.*

## CORRESPONDENTIE:

Sad. Soe - Tédja — sampoen wonten kalih, teksih kénging kaadjengaken tembé.

End. Flores — pérangan kalih, katahan roemijin.

Katrangan.

K. W. SOLO — matoer noewoen.

Sad. J. J. Sastrasoewigja — nalika wissel katampi, Red. lan toewan „Lot - grédja - Kalibawang" sami wonten ing Willem I, mila katrangan boten énggal toemoenten. Kagoenganipoen lot No. 00904. Moegi-moegi narik „pit djaler".

Abn. 753. Kanggé kwartaal I + II kirang f 2 zegge: kalih roepijah.

Dimas Wilhelmus van den Haag — matoer noewoen, poenika sampoen gadah.

Sad. A. J. Soegidja — sampoen katampi, sanget noewoen.

abn. 478 Th. Soedarman<br>abn. 570 Mej. Chr. Lotinah<br>abn. 728 D. D. J. Sanoesoebrata<br>abn. 617 E. J. Tjakrasoedira } pandjenengan wonten poendi ???

